

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Masalah

Sastra nya éta kasenian nu digelarkeunana ngaliwatan basa. Dina sastra nu penting lain basa nu éndah atawa carita nu ramé, tapi ajén senina (Rosidi, 1983: 223). Éta pamadegan teu jauh béda jeung Umsari (1990: 116) yén sastra nya éta karya seni anu diwujudkeun dina basa.

Dina alam kahirupan pasantrén, sastra téh jadi média pikeun ngadidik manusa kana bagbagan agama (Rosidi, 1983: 29). Ditilik tina prosés kamekaran sastra, sanajan robah-robah, ari sipatna nu kréatif mah henteu leungit. Ciri-ciri kréativitas milu nangtukeun ajénna hasil sastra (Rosidi, 1983: 30).

Ditilik tina prosés kamekaran sastra, hiji karya sastra lain ngan wungkul nyugemakeun diri jeung émosi dina wangun anggapan anu *imajinatif*. Karya-karya sastra ogé bisa nepikeun ide-ide jeung pikiran-pikiran anu diangkat ku tanaga émosi anu diwujudkeun ngaliwatan daya imajinasi.

Puisi bagéan tina génré karya sastra, ku kituna dina puisi ogé bisa nepikeun ide-ide jeung pikiran. Nadeak (1982: 18) nétélakeun yén “puisi” sabenerna nya éta sagala élmu anu dipiboga manusa. Harti ieu lega pisan, puisi anu dimaksud ayeuna mah nya éta sajak dina harti leuwih leutik, salasahiji bagian dina sastra.

Matthew Arnold (Drew, 1961: 34) nétélakeun ngeunaan hakékat puisi, nya eta:

"Daya ampuh puisi terletak pada daya tafsirnya, apa yang saya maksudkan bukanlah menggariskan penjelasan mengenai rahasia semesta alam dalam garis hitam putih, melainkan kuasa yang berhubungan dengan hal-hal yang membangkitkan dalam diri kita suatu makna yang baru dan luar biasa dan akrab dengan kita."

Pangarang miboga amanat dina sajak-sajakna, boh nu sadar boh henteu. Amanat ieu diungkapkeun ku pangarang anu didasarkeun kana sawangan hirupna. Di antara amanat nu nyampak dina karya sastra, nya éta moral. Moral biasa disebut ogé salasahiji wujud téma anu basajan, tapi teu sakabéh téma mangrupa moral (Keny, 1966: 89 dina Nurgiantoro, 1995: 200). Dina *KBBI* (1998: 194), moral sacara umum nya éta nyarankeun ngeunaan alus goréngna nu ditarima ku nu maca ngeunaan kalakuan, sikep, ahlak, kawajiban, budi pekerti, jeung susila.

Pamadegan ngeunaan sajak jeung moral (Nadeak, 1983: 5-16):

"Sebuah pertanyaan yang amat mudah, pertanyaan yang seperti berikut pernah diajukan kepada kritikus terkemuka, H. B Jassin, "Apakah sajak itu?" Sajak yang dimaksud ialah puisi. Pertanyaan ini diajukan oleh pengarang Aoh K. Hadimadja, yang merupakan refleksi pertanyaan yang dikemukakan oleh W.J.S Purwadarminta. Lantas Jassin meminta waktu untuk menjawab pertanyaan itu. Berhari-hari Jassin memikirkan jawabnya. Padahal waktu pertanyaan itu dilontarkan kepada Jassin, dia sudah menjadi tulang punggung majalah "Panca Raya", sebuah majalah yang diterbitkan oleh Balai Pustaka sebagai penyambung "Pandji Pustaka." Jassin itulah yang menentukan dimuat tidaknya sebuah sajak dalam majalah itu. Tetapi toh ia tidak dapat memberikan jawaban yang ringkas dan tepat apakah sebenarnya sajak atau puisi itu. Jassin mengatakan dalam korespondensinya dangan Hadimadja, bahwa syarat utama yang diletakkannya dalam menilai sajak ialah keindahan dan barulah dengan pertimbangan moral.

Apakah dengan demikian pertanyaan itu sudah terjawab? Apakah sesuatu yang indah itu sudah pantas disebut sajak? Apa pula keindahan itu macam-macam definisi yang dapat dibuat orang, tetapi tidak satupun

yang dapat memberikan jawaban secara tuntas apakah sebenarnya puisi itu."

Pamadegan yén puisi lain ngan wungkul kaéndahan (Nadeak, 1983: 16):

"...Disamping keperluan estetis, puisi juga berfungsi untuk menampung minat bangsa, siapa saja dan terutama anak didik terhadap kesusastraan yang merupakan manifestasi jiwa manusia dalam bentuk kesenian. Kecintaan untuk menikmati puisi akan menuntun siswa untuk menyelami arti kehidupan yang sesungguhnya."

Dina sajak ogé aya ajén-inajén nu rék ditepikeun ku pangarang, boh keur dirina boh keur nu maca, hususna ngeunaan ajén moral. Ku kituna, perlu ayana panalungtikan husus ngeunaan ajén moral dina sajak.

Dumasar kana hal-hal nu ditepikeun di luhur, ku kituna judul panalungtikan ieu, nya éta *Ajén Moral dina Kumpulan Sajak Sasambat Karya Yayasan Hendayana*.

Panalungtikan ngeunaan ajén moral geus aya nu nalungtik mangrupa skripsi, di antarana; skripsi Agus Suherman (1998) nu judulna *Ajén Moral dina Naskah Drama Sunda Modern Karya R. Hidayat Suryalaga*, jeung skripsi Ayi Guntur Subagja (1997) nu judulna *Ajén Moral dina Novel Lain Éta Karya Moh. Ambri Disawang tina Naskah Sanghyang Siksakandang Karesian*, terus anu pangahirna nya éta *Ajén Moral dina Kumpulan Carpon Sang Bentang Pilem* skripsi Dadang Yulianto. Sedengkeun *Ajén Moral dina Kumpulan Sajak Sasambat Karya Yayasan Hendayana* can aya nu nalungtik. Ku kituna, éta kumpulan sajak téh ditalungtik dina wangun skripsi.

1.2 Masalah

1.2.1 Identifikasi Masalah

Masalah nu baris dipedar dina panalungtikan ieu nya éta ajén moral nu aya dina kumpulan sajak *Sasambat* karya Yayasan Hendayana. Lantaran dina nalungtik ngeunaan ajén moral aya hubunganana jeung unsur-unsur anu aya dina sajak, dina ieu panalungtikan bakal dipedar ngeunaan unsur-unsur nu aya dina sajak anu aya hubunganana jeung moral.

1.2.2 Watesan Masalah

Saluyu jeung kasang tukang anu ditepikeun di luhur, dina ieu panalungtikan baris diwatesanan ku medar unsur-unsur instrinsik dina sajak nu aya hubunganana jeung moral, di antarana téma, amanat, nada, jeung rasa.

Anu bakal jadi objék panalungtikan nya éta kumpulan sajak karya Yayasan Hendayana nu judulna *Sasambat*. Dina éta kumpulan sajak aya 46 sajak anu bakal dijadikeun objék panalungtikan.

1.2.3 Rumusan Masalah

Dumasar kana watesan masalah di luhur, pasualan nu rék ditalungtik dirumuskeun heula mangrupa pertanyaan ieu di handap.

- 1) Kumaha struktur sajak (téma, nada, rasa, amanat) dina kumpulan sajak *Sasambat* karya Yayasan Hendayana téh?
- 2) Kumaha ajén moral dina kumpulan sajak *Sasambat* dumasar kana téma, amanat, nada, jeung rasa téh?

- 3) Kaasup jenis ajén moral nu kumaha nu aya dina éta sajak téh?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Tujuan dina ieu panalungtikan nya éta:

- 1) Ngadéskripsikeun struktur sajak (amanat, téma, nada jeung rasa) dina kumpulan sajak *Sasambat*;
- 2) Ngadéskripsikeun ajén moral dina kumpulan sajak *Sasambat*; jeung
- 3) Ngadéskripsikeun jenis atawa wangun ajén moral dina éta kumpulan sajak *Sasambat*.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Mangpaat panalungtikan nu diharepeun dina panalungtikan ieu nya éta:

- 1) Bisa meunangkeun ajén moral nu aya dina kumpulan sajak *Sasambat* karya Yayat Hendayana, sarta bisa diterapkeun ajénna dina kahirupan sapopoé;
- 2) Bisa méré gambaran ka nu maca pentingna moral pikeun manusa dina kahirupanana;
- 3) Pikeun bahan dina pangajaran basa jeung sastra Sunda di sakola, anu utamana ngeunaan ajén moral.

1.5 Anggapan Dasar

Anggapan dasar bisa disebut “asumsi”, nya éta titik tolak dina ngayakeun panalungtikan anu teu kudu dibuktikeun deui bebeneranana. Ku kituna, ieu panalungtikan nyoko kana sababaraha anggapan dasar, nya éta:

- 1) Karya sastra mangrupa salasihiji karya seni anu ngandung ajén-inajén nu bisa ngahudangkeun rasa ka nu maca;
- 2) Ajén moral bisa ditalungtik ku cara maca hiji karya sastra;
- 3) Sajak mangrupa hasil karya sastra nu mibanda ajén-inajén pikeun dijadikeun eunteung ku nu maca.

1.6 Wangenan Operasional

Sangkan jéntré, di handap ieu diterangkeun kecap-kecap nu dipaké dina judul panalungtikan.

- 1) Ajén moral nya éta mangrupa ma'na nu aya dina sajak nu rék ditepikeun ku pangarang ka nu maca éta sajak (Nurgiantoro, 1995: 320).
- 2) Sajak nya eta sa'ir tapi sapadana henteu matok opat-opat jajar jeung nu wangunanana sakarep-karep pangarang (KUBS, 1990).

